

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Minangka mahluk sosial, manusa teu bisa hirup nyorangan. Unggal poé, anggota masarakat gaul atawa interaksi jeung anggota masarakat séjénna. Minangka sarana gaulna, anggota masarakat ngagunakeun komunikasi basa. Ngaliwatan komunikasi basa, manusa bisa silih ngébréhkeun naon nu dipikahayang, nu dirasa, nu dipikirkeun jeung rupa-rupa pamaksudanana. Ku kituna, tujuan tina komunikasi basa téh sangkan manusa bisa silih maham maksud tuturanana, sabab kawangun interaksi atawa hubungan timbal balik antar panyatur jeung pamiarsa.

Omongan anu ébréh, sakapeung mah teu sagemblengna bisa dipaham maksudna ku pamiarsa. Sangkan bisa silih cangkem maksud omonganana, panyatur jeung pamiarsa gé kudu merhatikeun kontéks tuturan nu ngawengku saha nu ngomongna, iraha, di mana, jeung dina situasi nu kumaha éta komunikasi basa lumangsung. Élmuning basa anu medar jeung maluruh maksud omongan anu patali jeung kontéksna disebut pragmatik. Luyu jeung kamandang Sudaryat (2014, kc. 120) anu nétélakeun yén pragmatik nyaéta élmuning basa anu nalaah ngeunnaan kaayaan-kaayaan umum nalika komunikasi basa lumangsung. Hal sarupa ogé ditepikeun ku Tarigan (2015, kc. 30) anu nétélakeun yén pragmatik nyaéta élmuning basa anu medar ngeunaan alesan atawa pamikiran panyatur jeung pamiarsa dina nyusun hubungan kontéks omongan.

Lian ti éta, sangkan komunikasi basa lumangsung kalawan lancar, unggal palaku komunikasi diperedih ngalarapkeun rétorika anu hadé. Ngeunaan éta hal, komunikasi basa patali jeung dua rétorika, nyaéta rétorika tékstual jeung rétorika interpersonal. Éta dua rétorika téh mibanda prinsip anu tangtu, nu diwengku dina prinsip konvérssasi. Prinsip mangrupa cecekelan atawa padoman nu digunakeun ku jalma dina ngalakukeun hiji hal, ari konvérssasi mangrupa hubungan timbal-balik

dina komunikasi. Ku kituna, prinsip konvérnsasi dilarapkeun sangkan hubungan timbal-balik dina komunikasi lumangsung kalawan lancar tur kahontal tujuanana.

Rétorika tékstual mikabutuh prinsip gawé bareng. Tujuanana sangkan kawangun kasaluyuan antara panyatur jeung pamiarsa nalika makéna basa dina komunikasi anu antukna bisa papada maham kana maksud omonganana. Prinsip gawé bareng ngawengku opat rupa maksim, nyaéta maksim kualitas, maksim kuantitas, maskim rélevansi, jeung maksim cara (Sudaryat, 2016, kc. 146).

Rétorika interpersonal mikabutuh prinsip kasopanan. Tujuanana sangkan kawangun kasopanan dina makéna basa nalika lumangsungna komunikasi anu antukna bisa nytingkahan ayana palaku tuturan anu ngarasa dirugikeun (Narsiwi & Ariyana, 2017). Prinsip kasopanan ngawengku genep rupa maksim, nyaéta maksim kawijaksanaan, maksim katumarimaan, maksim pangcocog, maksim kasimpati, maksim balabah, jeung maksim handap asor (Sudaryat, 2016, kc. 144).

Dina prakna, teu sakabéh palaku tuturan ngukuhan prinsip konvérnsasi. Narsiwi & Ariyana (2017) ngajéntrékeun yén aya sababaraha hal nu ngabalukarkeun palaku tuturan (biasana ti pihak pamiarsa) ngarempak prinsip konvérnsasi, saperti keur aya dina kaayaan anu teu sadar, teu maham kana naon nu digunemkeun, atawa teu kairut kana cara panyatur nepikeun informasi. Sok sanajan kitu, boh paguneman anu ngukuhan boh paguneman anu ngarempak prinsip konvérnsasi, omongan nu kedal téh ngandung fungsi komunikatif kalimahna séwang-séwangan, anu mangrupa bagian tina wujud pragmatis kalimah. Ditilik tina jihat pragmatik, aya wujud pragmatis kalimah anu didadasaran ku fungsi komunikatif kalimah. Dina Sudaryat (2016, kc. 117) disebutkeun yén fungsi komunikatif dibagi jadi sababaraha wujud pragmatis kalimah, nyaéta kalimah wawaran (*deklaratif*), kalimah pananya (*interrogatif*), kalimah paréntah (*imperatif*), jeung panyeluk (*aklamatif*).

Naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita mangrupa salahsiji wacana tulisan anu diwangun ku paguneman-paguneman antar palaku pikeun ngahirupkeun caritaanana. Sabada diobsérvasi, dina ieu naskah drama nyampak paguneman anu ngukuhan jeung ngarempak prinsip konvérnsasi. Tangtuna, wujud pragmatis kalimah nu mangrupa ajén komunikatif kalimah gé nyampak dina unggal omongan palaku. Lian ti éta, jalan caritana gé alus, nyaritakeun kritik sosial ngeunaan kateuadilan hukum.

Ade Sartika, 2022

**PRINSIP KONVÉRSASI JEUNG WUJUD PRAGMATIS KALIMAH DINA NASKAH DRAMA “JAM HIJI DUAPULUH SALAPAN MENIT” KARYA AYI G. SASMITA (Ulikan Pragmatik)**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nu jadi cukang lantaran téh, sabab dina wacana tulisan mah bédha jeung wacana lisian. Tangtu maksud dina wacana lisian leuwih babari dicangking ku pamiarsa. Ieu hal téh saluyu jeung kamandang Chaer & Agustina (2014, kc. 21) nu nyebutkeun yén dina wacana lisian mah dirojong ku aspék paralinguistik anu ngawengku kualitas ujaran, unsur supra segméntal (tekanan, nada, jeung lentong), jarak jeung peta, ogé indra pangrasa. Ari wacana tinulis mah sakur dirojong ku tanda baca. Antukna bisa nimbulkeun rupa-rupa tafsiran pamaca, boh kana maksud paguneman boh kana ajén komunikatifna.

Paguneman dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita ngandung prinsip konvérnsasi, tur unggal omonganana ngandung wujud pragmatis kalimah. Ieu di handap conto prinsip konvérnsasi jeung wujud pragmatis kalimah

Napi : “Woy... jam sabaraha ieu...?!”  
 Sora : “Jam salapan leuwih duapuluhan salapan menit....!” (Sasmita, 2016)

Ditilik tina conto, katitén yén paguneman di luhur ngukuhan maksim kuantitas dina prinsip gawé bareng. Maksim kuantitas miharep omongan anu sacukupna, saperluna, teu ngalér-ngidul, jelas, tur luyu jeung nu dipikahayang panyaturna. Dina paguneman di luhur, Napi ngan mikabutuh jawaban ngeunaan keterangan waktu, hususna jam. Omongan Napi kaasup kana wujud pragmatis kalimah pananya (*interrogatif*) nu hartina ‘ngantebkeun’, lantaran eusi omonganana negeskeun atawa ngantebkeun hal anu ditanyakeun, nyaéta nanyakeun jam (waktu). Omongan Sora kaasup kana wujud pragmatis kalimah wawaran (*deklaratif*) anu hartina ‘iber’, sabab eusina omonganana méré iber nu mangrupa jawaban pikeun kalimah pananya Napi.

Sok sanajan kitu, ulikan pragmatik ngeunaan prinsip konvérnsasi dina wacana basa Sunda téh lain panalungtikan anyar. Panalungtikan séjén anu saméméhna di antarana waé “Prinsip jeung Maksim Paguneman dina Kumpulan Carpon “Si Kabayan Tapa” Karya Min Resmana” (Nursalam, 2012) anu nalungtik maksud unggal paguneman dumasar kana prinsip jeung maksim paguneman. “Prinsip jeung Maksim Paguneman dina Paguneman Kumpulan Carpon “Panggung Wayang” karya Aam Amalia” (Samsudin, 2014), anu nalungtik ngeunaan prinsip jeung

maksim katut maksudna. Éta panalungtikan téh pada-pada medar pasualan prinsip jeung maksim konvérnsasi. Kitu deui, ieu panalungtikan medar perkara anu sarua, ngan bédana téh dina ieu panalungtikan mah dipedar ogé wujud pragmatis kalimah anu mangrupa ajén komunikatif dina unggal omongan palaku. Jaba ti éta, sumber datana ogè béda.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho tur ngadéskripsiun paguneman boh anu ngukuhan boh anu ngarempak prinsip konvérnsasi jeung wujud pragmatis kalimah dina unggal omongan nu aya dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

Ieu panalungtikan téh penting lantaran bisa nambah pangaweruh ngeunaan kabahasaan, hususna dina makéna basa nalika lumangsung komunikasi basa sapopoé. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Prinsip Konvérnsasi jeung Wujud Pragmatis Kalimah dina Naskah Drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” Karya Ayi G. Sasmita (*Ulikan Pragmatik*)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah di antarana: 1) naskah drama diwangun ku paguneman-paguneman, 2) dina unggal paguneman miboga prinsip konvérnsasina, jeung 3) unggal omongan dina paguneman téh ngandung wujud pragmatis kalimahna séwang-séwangan. Ku kituna, sangkan masalahna jelas, ieu panalungtikan diwatesanan ku museur jeung medar ngeunaan wujud prinsip jeung maksim konvérnsasi katut wujud pragmatis kalimah.

Saluyu jeung watesan masalah nu geus dipedar, ieu di handap dirumuskeun masalah-masalah anu ditalungtik.

- a. Prinsip konvérnsasi naon waé anu aya dina paguneman naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita?
- b. Wujud pragmatis kalimah naon waé anu aya dina omongan palaku dumasar kana prinsip konvérnsasi dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar jeung ngadéskripsi keun prinsip konvérnsasi katut wujud pragmatis kalimah dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita. Ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun medar, mikanyaho tur ngadéskripsi keun prinsip konvérnsasi katut wujud pragmatis kalimah dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan téh sacara husus miboga tujuan pikeun ngadéskripsi keun tilu hal, nyaéta:

- a. prinsip konvérnsasi unggal paguneman anu nyampak dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita; jeung
- b. wujud pragmatis kalimah dumasar kana prinsip konvérnsasi dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar jeung ngadéskripsi keun prinsip konvérnsasi katut wujud pragmatis kalimah dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga mangpaat sacara tioritis jeung mangpaat sacara praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh pragmatik, hususna ngeunaan prinsip konvérnsasi katut wujud pragmatis kalimah.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungti kan dipiharep aya mangpaatna pikeun sababaraha pihak, saperti ieu di handap.

- a. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan pragmatik, hususna ngeunaan prinsip konvérssasi, katut wujud pragmatis kalimah. Lian ti éta, ieu panalungtikan gé bisa nambahann pangalaman panalungtik dina nalungtik aspé kabahasaan dina karya sastra wangun prosa.
- b. Pikeun nu maca, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan wujud jeung maksim konvérssasi katut wujud pragmatis kalimah anu aya dina dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluhan Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita. Lian ti éta, ieu panalungtikan gé bisa nambahann référénsi panalungtikan ngeunaan kabahasaan, anu satulunya bisa ngamekarkeun panalungtikan pragmatik hususna ngeunaan prinsip konvérssasi atawa ngeunaan wujud kalimah pragmatik.
- c. Pikeun pangatik, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun référénsi bahan ajar.
- d. Pikeun pamilon atikan, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahann pangaweruh ngeunaan kabahasaan, hususna ngeunaan prinsip konvérssasi katut wujud pragmatis kalimah.

### 1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi ngawengku lima bab, di antarana: Bab I Bubuka, Bab II Ulikan Tiori, Bab III Métode Panalungtikan, Bab IV Hasil jeung Pedaran, jeung Bab V Panutup.

Dina Bab I, dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina tujuan panalungtikan aya tujuan umum jeung tujuan husus, sedengkeun dina mangpaat panalungtikan aya mangpaat sacara tioritis jeung praktis.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori nu patali jeung kapragmatikan wacana, prinsip konvérnsasi, wujud pragmatis kalimah, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, eusina ngadéskripsikeyeun jeung nganalisis wujud prinsip konvérnsasi jeung wujud pragmatis kalimah dina naskah drama “Jam Hiji Duapuluh Salapan Menit” karya Ayi G. Sasmita.

Bab V nu mangrupa bab pamungkas, eusina ngeunnaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan anu satuluyna.